

**MASSACHUSETTS HEALTH CARE PROXY
LWA SOU MANDA POU DESIZYON SANTE NAN ETA MASSACHUSETTS
Enfòmasyon, Esplikasyon, ak Fòmilè**

Ki dwa lalwa sou Manda pou Desizyon Sante a bay ?

Sa yo rele “**Manda pou Desizyon Sante**” a, se yon dokiman legal senp ki pemèt ou nonmen yon moun ou konnen epi ou fè konfyans pou pran desizyon sou swen sante ou nan plas ou si pou nenpòt ki rezon, nenpòt ki lè, ou ta vin pa kapab pran desizyon sa yo, oubyen fè konnen desizyon sa yo. Sepandan, se yon dokiman ki enpòtan paske li konsène non sèlman chwa ou fè sou swen sante w, men tou li konsènen rapò ou genyen avèk doktè w, fanmi w, ak tout lòt moun ki ka mele ak sante w. Li papyè sa a epi fè sa li mande ou pou w fè pou sa ou vle ka fèt.

Dapre lwa sou kesyon **Manda pou Desizyon Sante** [Health Care Proxy] a, (Lwa Jeneral pou Eta Massachusetts Chapit 201 D), nenpòt granmoun ki gen 18 an oubyen plis epi ki konnen zak li poze, ka itilize fòmilè sa a pou li chwazi yon “Ajan pou Desizyon Sante” (Health Care Agent). Oumenm (yo konnen lè sa a kòm “Prensipal”) ka chwazi nenpòt ki granmoun kòm Ajan pou Desizyon Sante w, EKSEPTÈ yon administratè, yon operatè oubyen yon anplwaye nan yon sant sante tankou lopital oubyen “Nursing Home” kote ou se yon pasyan oubyen yon rezidan SÒF si moun sa a se fanmi w nan san, pa maryaj oubyen adopsyon.

Kisa Ajan mwen an ka fè ?

Ajan w lan ap gen dwa pran desizyon sou swen sante ou sèlman lè oumenm, pou yon rezon ou pou yon lòt, pa kapab fè sa pou tèt ou. Sa vle di Ajan w lan ka pran desizyon nan plas ou si ou pèdi konesans, si ou nan koma, oubyen si ou nan yon eta ki fè ou pa kapab pran oubyen kominike desizyon sou swen sante w. Ajan w lan pa kapab deside nan plas ou, avan doktè w la deklare sou paye ou pa kapab pran desizyon sou swen sante w. Doktè w la ap fè w konnen sa si gen nenpòt ki siy ki montre l ou ka konprann.

Avèk otorite ou ba li a, Ajan w lan kapab pran nenpòt ki desizyon sou swen sante ou te ka pran si ou te kapab. Si ou bay Ajan w lan tout otorite pou li aji nan plas ou, li ka aksepte oubyen refize nenpòt tretman doktè, menm si se tretman ki te ka kenbe ou an vi.

Ajan w lan ap pran desizyon pou ou, sèlman lè li fini pale avèk doktè w oubyen moun k ap ba ou swen sante a, epi tou apre lè li fini konsidere tout sa ki posib pou sa ki gade kisa doktè a kwè ou genyen, kisa li kwè ki ka rive ou, kisa ki ka fèt pou maladi w la oubyen eta ou ye a. Ajan w lan gen dwa dapre lalwa pou gen nenpòt ki enfòmasyon, menm si se enfòmasyon sekrè sou sante w, ki nesèsè pou li pran desizyon konsekan pou ou.

Ajan w lan ap pran desizyon swen sante pou ou dapre sa ou vle oubyen dapre sa li kwè ou vle, sa li kwè relijyon ou byen konviksyon w ta ka fè ou vle. Li ta bon pou w ta pale avèk doktè w, konseye legliz ou (pè, pastè... elatriye), oubyen lòt moun avan ou bay Ajan w lòd. Li enpòtan anpil pou w pale avèk Ajan w lan pou li konnen kisa ki enpòtan pou ou. Si Ajan w lan pa konnen kisa ou vle sou yon kesyon, l ap pran desizyon an dapre sa li kwè ki pi bon pou ou. Apre doktè a fin deside ou pa ka pran desizyon swen sante pou tèt ou, si ou jwenn mwayen refize nenpòt ki desizyon ajan an pran, se sa ou vle ki pral fèt sòf si Tribinal deside ou pa gen kapasite pou pran desizyon sou swen sante w.

Desizyon Ajan ww lan pran ap gen menm otorite pwòp desizyon pa w ta genyen si ou te kapab, epi se desizyon sa yo ki pral gen pye sou pa nenpòt ki lòt moun, sòf si oumenm te mete yon limit oubyen sòf si gen yon lòd tribinal ki bay dwa pase sou manda ou te bay la.

Kouman pou mwen ranpli fòmilè a ?

① Nan tèt fòmilè a, ekri tout non w ak adrès ou. Ekri non, adrès ak telefòn moun ou chwazi kòm Ajan w lan (**Si ou vle** : Si ou kwè Ajan w lan gen dwa pa disponib yon lè, ou gen dwa chwazi yon dezyèm moun kòm “Ajan ranplasan”. Se Ajan ranplasan sa a (dezyèm moun lan) yo pral rele si premye a pa vle oubyen pa kapab vini.)

② Si ou mete limit sou otorite Ajan w lan, sa ka fè li difisil pou li pran desizyon nan plas ou, nan yon sitiyasyon bridsoukou. Si ou vle pou Ajan w lan gen tout dwa pou li aji nan plas ou, kite espas sou limit lan vid. Sepandan, si ou vle mete limit sou ki kalite desizyon ou vle Ajan w lan oubyen Ajan ranplasan w lan ka pran pou ou, ekri yo nan espas vid la.

③ **AVAN** ou siyen, veye byen pou genyen de (2) granmoun ki prezan, ki ka wè lè w ap siyen dokiman an. Sèl moun ki pa kapab sèvi kòm temwen, se Ajan an avèk Ajan ranplasan an. Lè fini, siyen papyè a. (Oubyen si ou fizikman pa kapab siyen, fè yon moun ki pa dwe ni Ajan an, ni Ajan ranplasan an, siyen non w sou lòdou. Moun ki siyen non w lan pou ou a dwe mete pwòp non ak adrès pa li nan espas ki la pou sa a.)

④ Fè temwen yo ekri dat la, siyen non yo, epi ekri non yo ak adrès yo.

⑤ **SI OU VLE** : Nan do fòmilè a, gen deklarasyon Ajan an avèk Ajan ranplasan an gen pou siyen. Lalwa pa ekzije pou sa fèt, men li bon paske lè sa a, li klè ou te pale avèk moun sa a, oubyen moun sa yo, ki ka gen pou pran desizyon ki enpòtan sou swen sante w epi chak ladan yo reyalize enpòtans sa yo ka genyen pou fè.

Kilès ki pou genyen orijinal la avèk kopi yo ?

Aprè ou fini ranpli fòmilè a, rache paj enfòmasyon sa a, epi fè omwens 4 fotokopi fòmilè a. Kenbe orijinal la yon kote li fasil pou jwenn (*pa* mete li nan kòfrefò ou). Bay doktè a oubyen/ak konpayi asirans lan kopi pou yo mete nan dosye medikal ou. Bay Ajan an ak nenpòt ki Ajan ranplasan youn pou yo chak. Ou kapab bay lòt manm fanmi ou kopi, pè oubyen pastè ou, avoka ou oubyen lòt moun ki ka mele nan pran desizyon sou swen sante w.

Kouman mwen ka anile dokiman sa a a ?

Manda pou Desizyon Sante sa a a revoke, si nenpòt nan kat (4) bagay sa yo rive :

1. Ou siyen yon lòt manda pi ta.
2. Ou vin separe oubyen divòse ak moun ou marye a, epi ou te chwazi li kòm Ajan w.
3. Ou fè Ajan w lan, oubyen doktè w, oubyen nenpòt lòt moun k ap okipe sante w, oubyen nan bouch oubyen sou papyè, konnen ou vle revoke Manda pou Desizyon Sante a.
4. Ou fè nenpòt ki lòt bagay ki montre aklè ou vle revoke Manda pou Desizyon Sante a, tankou dechire li, pase plim sou li, oubyen di lòt moun, elatriye.

**LÈ OU FINI RANPLI FÒMILÈ A, RETIRE PAJ KI GEN ESPLIKASYON YO.
SONJE PALE AK AJAN W LAN.**